



**Commission
for the Blind**

**TILIV ENFÒMASYON
POU
SÈVIS
REYABILITASYON
PWOFESYONÈL**

Janvye 2016

New York State Office of Children and Family Services

COMMISSION FOR THE BLIND

**TILIV ENFÒMASYON POU
SÈVIS REYABILITASYON PWOFEZYONÈL**

Depi ou mande, kopi tiliv enfòmasyon sa a disponib nan lang panyòl, ekriti Bray, sou kasèt oswa disk òdinatè, oswa pa imèl. Pou jwenn yon kopi kontakte NYSCB nan:

NYSCB Handbook

New York State Office of Children & Family Services

Commission for the Blind

52 Washington Street

South Building, Room 201

Rensselaer, New York 12144

Telefòn: (518) 474-6812

FAKS: (518) 486-5819

TDD: (518) 474-7501

AVÈTISMAN POU MOUN K AP LI TILIV SA A

Tiliv Enfòmasyon NYSCB pou Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl la pral ede ou familiarize ak Pwogram Reyabilitasyon Pwofesyonèl (New York State Commission for the Blind) lan. Pwogram reyabilitasyon pwofesyonèl la kapab ba ou, kòm yon moun ki avèg selon definisyon legal nan Eta New York, asistans pou reyalize objektif ou yo kòm yon moun ki endepandan epi k ap kontribye nan kominote ou. NYSCB jere lòt pwogram pou moun ki avèg selon definisyon legal la epi ki p ap travay sou yon objektif pwofesyonèl tou. Pou konnen enfòmasyon sou pwogram pou timoun ak moun ki pi aje yo, tanpri kontakte Biwo Distri NYSCB a.

Objektif NYSCB

Objektif NYSCB se pou moun ki avèg legalman kapab viv yon fason endepandan, jwenn yon bon travay, epi entegre total-kapital nan sosyete n ap viv la.

Misyon NYSCB

Misyon NYSCB se pou bay moun ki avèg legalman yo plis kapasite pou jwenn travay, bay yo tout endepandans posib, ak ede yo nan devlopman kapasite ak fòs yo.

SA KI NAN TILIV LA

Kisa Pwogram Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) Komisyon Pou Moun Avèg (Commission for the Blind, NYSCB) la ye?.....	1
Kijan Pou Ou Aplike Pou Sèvis VR NYSCB yo?	1
Kijan Pou Ou Kalifye Pou Sèvis VR yo?	2
Kisa yon Plan Travay Pèsonalize (Individualized Plan for Employment, IPE) ye?	3
Ki Sèvis VR NYSCB Ofri?	6
Kijan Ou Kapab Pwofite Nan Tout Sèvis NYSCB yo?	7
Kisa Dosye Sèvis NYSCB a ye?	8
Kijan Yo Kenbe Enfòmasyon Konfidansyèl epi Kisa Lwa Pwoteksyon Vi Prive a (Personal Privacy Protection Law) ye?	8
Kilè Patisipasyon nan NYSCB Fini?	11
Rezolisyon Dispit ak Kontestasyon Kliyan	12
Ki Dwa ak Responsablite Ou Genyen nan Pwosesis VR a?.....	16
Anèks A: Biwo Distri NYSCB District	18
Anèks B: Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Program, CAP)	21
Anèks C: Pwogram Antrepriz Komèsyal (Business Enterprise Program, BEP).....	22
Resous: Pwogram Biyè Pou Travay; Avètisman Sou Avantaj yo; Sèvis Sant pou Viv Endepandan....	24

KISA PWOGRAM REYABILITASYON PWOFEYONÈL (VOCATIONAL REHABILITATION, VR) KOMISYON POU MOUN AVÈG (COMMISSION FOR THE BLIND, NYSCB) LA YE?

Komisyon pou Moun Avèg la (Commission for the Blind, NYSCB), antanke yon pati nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services), ofri sèvis dirèkteman bay moun ki avèg legalman atravè biwo distri nan tout Eta a. NYSCB ofri sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl pou moun ki kalifye pou reyalize objektif pwofesyonèl yo. Objektif sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl la se pou pèmèt ou jwenn yon travay ki koresponn ak kapasite, enterè, ak preferans ou yo. Gen divès kalite metye ak travay ki posib tankou karyè pwofesyonèl, travay ouvriye, travay endepandan, biznis, travay sipò, ak antretyen kay. NYSCB souliye espesyalman pou pou patisipe nan tout desizyon pou idantifye objektif ou pou travay ak devlopman yon plan pou reyalize objektif ou yo.

KIJAN POU OU APLIKE POU SÈVIS VR NYSCB YO?

Pou aplike pou sèvis yo, ou kapab al pran yon aplikasyon sou onglè fòm sou sitwèb NYSCB a ki se <http://visionloss.ny.gov> oswa nan youn nan biwo distri NYSCB yo ki sou lis nan Anèks A. Ranpli aplikasyon an epi soumèt li nan biwo distri a. Si ou bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an, kontakte biwo NYSCB lokal ou oswa Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Pwogram, CAP) lokal ou a (Gade nan Anèks B). Apresa y ap pwograme yon premye entèvyou ak yon Konseye oswa reprezantan Reyabilitasyon Pwofesyonèl

(Vocational Rehabilitation, VR) NYSCB. Yon lekòl, yon doktè, yon ajans prive ki ofri sèvis pou moun ki avèg, oswa lòt òganizasyon kominote, sèvis sante oswa sosyal kapab refere ou tou.

Nou kapab bezwen plis enfòmasyon sou ou, tankou dosye medikal, dosye akademik, oswa kote ou te travay deja pandan pwosesis aplikasyon an. Dosye medikal resan pou verifye andikap ou a kapab ede epi yo ka mande yo. Si bagay sa yo pa disponib, NYSCB pral ede ou jwenn enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon sa yo pa nesesè lè ou soumèt aplikasyon an, men yo kapab nesesè pita pou detèmine si ou kalifye.

KIJAN POU OU KALIFYE POU SÈVIS VR YO?

Aprè ou fin ranpli yon aplikasyon epi ou pase yon entèvyou ak yon konseye NYSCB, y ap detèmine si ou kalifye pou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl. Kalifikasyon ap baze sou de (2) kondisyon:

- (1) Ou gen yon andikap (avèg legalman) ki rann li difisil anpil pou ou jwenn travay. Yo sipoze sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl t ap ede ou jwenn yon travay.
- (2) Ou bezwen sèvis reyabilitasyon pou prepare, antre, patisipe, oswa kenbe yon bon travay.

Pou detèmine kalifikasyon pou sèvis, yon konseye NYSCB bezwen dosye medikal oswa enfòmasyon nan men Administrasyon Sekirite Sosyal pou verifye andikap ou. W ap bezwen pran yon randevou pou yon egzamen medikal si pa gen rapò ki deja egziste. NYSCB kapab peye pou egzamen sa yo.

Si ou avèg legalman, NYSCB se ajans ki kapab ba ou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl, menm si ou gen lòt andikap. Si ou pa avèg legalman, men ou gen lòt andikap, ou kapab aplike pou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl la atravè Sèvis Metye ak Fòmasyon Kontini Adilt - Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Adult Career and Continuing Education Services-Vocational Rehabilitation, ACCES-VR) nan Depatman Edikasyon Eta New York la.

Si ou kalifye pou sèvis NYSCB yo, yon konseye NYSCB VR pral rankontre ak ou pou devlope yon objektif pwofesyonèl ak yon plan pou sèvis ki rele Plan Travay Pèsonalize (Individualized Plan for Employment, IPE). Si ou pa kalifye, NYSCB ap notifye ou nan yon fòm ki aksesib. Si ou pa dakò ak detèminasyon an ki di ou pa kalifye pou sèvis yo, ou kapab konteste desizyon sa a. (Gade paj 12 a 16 pou enfòmasyon konsènan kontestasyon).

KISA YON PLAN TRAVAY PÈSONALIZE (INDIVIDUALIZED PLAN FOR EMPLOYMENT, IPE) (INDIVIDUALIZED PLAN FOR EMPLOYMENT, IPE) YE?

Plan Travay Pèsonalize a (Individualized Plan for Employment, IPE) se yon plan ekri ki dekri objektif ou pou travay ak etap ou pral pran pou reyalize objektif ou yo. N ap devlope IPE a selon enterè ak kapasite ou yo. Li reflekte chwa ou nan idantifikasyon yon objektif pou travay ak sèvis pou ou resevwa pou reyalize objektif sa a. Li kapab ede pou aprann plis enfòmasyon sou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl yo ak diferan kalite travay yo ak pwòp kapasite

ou avan yo ekri plan ou a. Konseye NYSCB ou a pral ede ou jwenn resous ki kapab ede ou fè sa.

Yo pral devlope IPE ou a ak yon fòm NYSCB bay. Avan plan ou a ap kapab kòmanse, konseye NYSCB ou ak manm pèsonèl sipèvizyon yo ap bezwen egzaminen li epi apwouve li. Apre yo apwouve IPE ou a, w ap resevwa yon kopi nan fòm a ou pito a. Ou menm ak konseye ou pral kòmanse mete IPE ou an aplikasyon apre sa. Pandan w ap travay pou fini ak plan ou a, ou dwe rete kalifye pou resevwa sèvis NYSCB yo; finansman dwe disponib pou sipòte aktivite yo ki nan plan ou a; epi plan an dwe rete konsistan ak politik ak pwosedi NYSCB ki genyen nan moman an.

Fason pou devlope IPE ou

Gen plizyè opsyon pou jwenn èd pou devlope IPE ou:

- Yon konseye ki te resevwa fòmasyon pwofesyonèl nan reyabilitasyon pwofesyonèl kapab ede ou chwazi yon objektif epi kapab ede ou devlope tout oswa yon pati nan IPE ou a. Konseye NYSCB a pral ede ou ranpli fòm IPE a tou.
- Ou kapab mande èd nan men nenpòt resous ou idantifye, tankou:
 - yon fanmi oswa zanmi,
 - yon òganizasyon oswa ajans ki ede moun ak andikap,
 - manm pèsonèl nan yon sant travay ki ofri tout sèvis
 - yon pwofesè oswa yon konseye
 - yon reprezantan Pwogram Asistans Kliyan an
 - ou kapab devlope pwòp IPE ou

Enfòmasyon ki sipoze nan IPE ou a:

- objektif ou pou travay - travay ou vle genyen lè ou fini ak fòmasyon ou
- sèvis w ap bezwen pou jwenn travay ou a objektif ak kantite tan l ap pran pou fini sèvis yo epi reyalize objektif ou
- kimoun ki pral ba ou sèvis ou bezwen yo
- fason yo pral evalye pwogrè sou nan objektif ou
- kantite tan li pral pran pou reyalize objektif ou
- responsablite ou pou fè sa ki nan plan an

W ap jwenn dwa ak responsablite ou pou respekte sa ki nan IPE ou a sou fòm nan epi ou pral gade li ansanm ak konseye NYSCB ou a. W ap jwenn enfòmasyon sou dwa ak responsablite ou nan pwosesis reyabilitasyon pwofesyonèl la nan paj 16 a 17 nan tiliv sa a.

Ou menm ak konseye NYSCB ou pral gade IPE ou chak ane. Yo kapab revize oswa gade plan ou a nenpòt lòt moman pandan ane a. Ou menm ak konseye NYSCB ou a dwe apwouve nenpòt chanjman. Tanpri toujou enfòme konseye ou sou nenpòt chanjman nan vi ou ki kapab afekte plan ou a.

Kisa pou ou fè si NYSCB pa apwouve IPE ou a?

Li posib pou ou menm ak konseye NYSCB ou pa dakò sou IPE ou a. Si ou gen yon dezagreman ou pa ka rezoud ak konseye ou a, ou kapab jwenn aksè nan Pwosesis Kontestasyon NYSCB ki dekri nan tiliv sa a.

KI SÈVIS VR NYSCB OFRI?

NYSCB pral ofri sèvis ou bezwen pou ede ou reyalize objektif ou pou travay. NYSCB pral ba ou konsèy ak gid nan reyabilitasyon pwofesyonèl pandan w ap devlope IPE ou a epi pandan w ap resevwa sèvis. Pifò moun resevwa sèvis plasman, sèvis yo kreye pou ede ou chèche travay tou.

Menmsi NYSCB kapab peye pou pifò sèvis, gen kèk sèvis nou p ap ka peye si revni ou depase yon nivo espesifik. Konseye NYSCB a pral ba ou plis enfòmasyon sou sa a. Si sèvis ki baze sou kapasite ou pou peye sou IPE ou a, ou pral bezwen bay konseye NYSCB ou a enfòmasyon finansyè ou pou detèmine kiyès ki pral peye pou sèvis sa yo.

Sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl sa yo kapab disponib pou ou kòm yon pati nan IPE ou a lè yo nesesè pou reyalize objektif ou pou travay:

- Sèvis Evalyasyon
- Sèvis Atandan
- Sèvis Konsèy, Gid, ak Referans pou Reyabilitasyon Pwofesyonèl
- Modifikasyon Kay ak Ekipman Adaptatif
- Sèvis Entèprèt pou Moun ki Soud/Avèg
- Sèvis Entèprèt pou Moun ki pa Pale Angle
- Oryantasyon ak Enstriksyon sou Mobilite
- Sèvis Restorasyon Medikal
- Plasman ak Sèvis Apre Travay
- Sèvis Lektè

- Sèvis Jeni Reyabilitasyon ak Sèvis Asosye ak Teknoloji
- Ansèyman Reyabilitasyon
- Depans Lavi Espesyal Asosye ak Fòmasyon
- Travay avèk Sipò
- Telekominikasyon, Asistans ak Aparèy Sansoryèl ak Lòt Teknoloji
- Zouti, Premye Rezèv, Ekipman ak Atik, ak Lisans Okipasyonèl
- Transpò
- Modifikasyon Machin ak Ekipman pou adaptasyon
- Sèvis Pwofesyonèl ak Lòt Fòmasyon (ak fòmasyon inivèsite ladan)
- Lòt Machandiz ak Sèvis

KIJAN OU KAPAB PWOHITE NAN TOUT SÈVIS NYSCB VR YO?

Swiv rekòmandasyon sa yo pou pwofite nan tout sèvis NYSCB yo:

1. Pran yon angajman pou patisipe nèt nan planifikasyon ak reyalizasyon objektif ak bi pwofesyonèl ou yo.
2. Kapasite pou deplase, fè sa ou gen pou fè chak jou, ak kominike, se konpetans ki enpòtan pou endepandans ak reyisit nan travay. Lè ou patisipe nèt nan fòmasyon ou epi ou pratike sa ou aprann, sa se pi bon fason pou metrize konpetans sa yo.

3. Kenbe kontak avèk konseye NYSCB VR ou a. Kenbe konseye ou okouran kijan bagay yo ye. Pandan w ap dekouvri chwa ou gen pou travay, konseye ou kapab yon resous pou ede ou jwenn ak kenbe yon travay ak ede ou jwenn sèvis ou bezwen pou sa.

KISA DOSYE SÈVIS NYSCB A YE?

NYSCB kenbe yon dosye sèvis pou chak moun ki resevwa sèvis nan men yo pou yo kapab dokimante sèvis sa yo kòm sadwa. Li gen aplikasyon ou pou sèvis, nòt konseye a, rapò medikal, enfòmasyon sou kalifikasyon ou pou sèvis, Plan Travay Pèsonalize ou, ak lòt kalite enfòmasyon ki gen pou wè ak fòmasyon pwofesyonèl.

W ap jwenn aksè nan dosye sèvis pa ou, men ap gen sèten pwosedi ak restriksyon. Konseye ou kapab eksplike ou pwosedi pou jwenn enfòmasyon nan dosye sèvis ou yo.

KIJAN YO KENBE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL EPI KISA LWA PWOTEKSYON VI PRIVE A (PERSONAL PRIVACY PROTECTION LAW) YE?

Pou nou kapab bay sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl, souvan li nesesè pou pran oswa pataje enfòmasyon sou ou. N ap kenbe tout enfòmasyon konfidansyèl epi nou pa pral pataje yo ak okenn moun oswa òganizasyon amwenske NYSCB gen otorizasyon ekri ou oswa amwenske lwa oswa regleman federal oswa eta egzije oswa otorize pou n ou pataje enfòmasyon konfidansyèl ou. Seksyon 8701 a 8714-a nan

Iwa ki pa inifye New York (Unconsolidated Laws of New York), ansanm ak 29 USC Seksyon 701 et seq. ak règleman ki asosye ak li yo bay NYSCB dwa pou kolekte ak pataje enfòmasyon sou ou.

NYSCB pral itilize sèten enfòmasyon pou detèmine si ou kalifye pou sèvis, epi si ou kalifye, pou deside ki sèvis ki pral ede ou reyalize objektif pwofesyonèl ou.

Pou planifye pou sèvis, NYSCB kapab kominike ak lòt moun pou jwenn plis enfòmasyon sou ou. Pa egzanp, ak pèmision ekri ou, konseye NYSCB ou kapab:

- kontakte ansyen travay ou yo pou verifye eksperyans travay ou;
- kontakte doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante pou konnen kondisyon medikal ou nan moman an ak kijan li afekte kapasite ou pou patisipe nan fòmasyon oswa travay;
- jwenn dosye lekòl oswa lòt dosye akademik oswa fòmasyon pwofesyonèl pou wè si eksperyans akademik ak/oswa pwofesyonèl ou kapab ede ou reyalize objektif pwofesyonèl ou.

Aprè li resevwa pèmision ekri ou, konseye NYSCB ou pral pataje enfòmasyon sa yo ak pwogram reyabilitasyon kominote lè nou mande pou yo ba ou sèvis fòmasyon pwofesyonèl.

Tout enfòmasyon konsomatè NYSCB sekirize oswa kenbe pral rete konfidansyèl, epi y ap pataje yo sèlman konfòmman ak lwa ak règleman federal ak eta ki anvigè.

NYSCB pral mande ou pèmisyon alekri pou pran oswa pataje enfòmasyon, amwenske lwa oswa règleman federal oswa Eta a egzije oswa otorize sa. N ap bezwen kowoperasyon nan sa pou nou kapab ba ou sèvis ki kapab benefisye ou. Si ou refize bay nou enfòmasyon nou bezwen oswa otorize lòt moun pataje oswa resevwa yo, li ka anpeche nou detèmine si ou kalifye pou sèvis yo, epi nou pa kapab aji sou aplikasyon w lan pou sèvis yo.

Si nou detèmine ou kalifye pou sèvis NYSCB, NYSCB ka bezwen ranbouse ou pou depans ou te fè pandan w ap resevwa sèvis yo. Sa a ta tipikman gen depans pou transpò oswa liv ak founiti ki gen rapò ak fòmasyon ou, men ka gen ladan lòt depans sèvis. NYSCB ka bezwen ranbouse ou pou depans transpò ou fè pandan w ap rasanble enfòmasyon pou kore kalifikasyon w pou sèvis NYSCB. Anvan konseye ou ap ka otorize peman sa a, yo pral bezwen antre non ou, adrès ak adrès imèl ou (si w gen youn) ak nimewo Sekirite Sosyal nan Sistèm Finansye Eta New York la (Statewide Financial System, SFS), sistèm kontabilite entegre Eta New York la. Yo pral ba ou plis detay sou pwosesis sa a si konseye w detèmine li se nesesè pou yo ranbouse ou pou yon sèvis.

Kòm ou ka konnen, moun ki avèg selon definisyon legal la pa ka kondwi yon otomobil. Si lwa oswa règleman federal oswa Eta a bay otorizasyon, si anlwaye NYSCB vin konnen yon konsomatè NYSCB ap kondwi yon machin, yo pral deklare enfòmasyon sa a NYSCB manm pèsònèl administratif la administratif ki ap gen pou voye enfòmasyon sa a bay Depatman Otomobil Eta New York, Pwogram Amelyorasyon Chofè a. Rapò sa a kapab fèt san konsantman ou.

Apa enfòmasyon ou bay nou oswa otorize nou pou resevwa pou ba nou sèvis yo, Eta New York gendwa itilize enfòmasyon yo pou devlope estatistik ki pa idantifye moun konsènan moun k ap resevwa sèvis nan jesyon pwogram sa yo. Nou pa bezwen konsantman ou pou devlope oswa distribye estatistik sa yo.

N ap kenbe enfòmasyon sa yo nan:

The Office of the Associate Commissioner
Commission for the Blind
NYS Office of Children and Family Services
52 Washington Street, South Building, Rm. 201
Rensselaer, NY 12144
(518) 473-1801

KILÈ PATISIPASYON NAN NYSCB FINI?

Objektif prensipal sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl NYSBC la se pou pèmèt ou jwenn yon bon travay. Depi w ap travay nan metye ou chwazi a epi pèfòmans ou an akseptab pou omwen 90 jou, patisipasyon ak NYSCB anjeneral fini. Konseye ou a ap fè swivi avèk ou ak diskite fen pwogram nan ak nou avan yo fèmen dosye ou.

Sèvis apre travay kapab nesesè apre ou jwenn yon travay oswa pou ede ou kenbe travay ou. Konseye NYSCB ou a pral diskite opsyon sa yo pandan y ap devlope IPE ou epi lè y ap fèmen dosye ou. Menm si dosye ou vin fèmen ak NYSCB, ou ka kontakte konseye ou si pwoblèm pwofesyonèl ou yo retounen pi devan.

Lè ou reyalize objektif travay ou oswa te fini patisipasyon ou ak NYSCB, yo pral ba ou desizyon pou fèmen dosye ou nan yon fòm aksesib.

REZOLISYON DISPIT AK KONTESTASYON KLIYAN

Ou gendwa pa dakò avèk desizyon yo te fè pandan patisipasyon ou ak NYSCB. Ou gen dwa pou konteste kont yon aksyon oswa desizyon konseye nan nenpòt ki sitiyasyon lè ou ak konseye ou a pa ka rezoud dezakò a.

Nou te devlope yon pwosesis kontestasyon pou pwoteje dwa ou ak pou yo egzaminen desizyon yo yon fason ki san patipri. Objektif NYSCB nan pwosesis kontestasyon an se pou rive jwenn yon solisyon tout moun ap dakònan yon fason ki pi rapid ak pi senp jan sa posib. Konseye ou ka bay plis enfòmasyon detaye sou pwosesis kontestasyon an.

Lè ou pa dakò avèk yon desizyon konseye ou pran, eseye klèman kominike enkyetid ou nan yon efò yo rezoud dezakò a. Si sa pa mache, di konseye w la ou ta renmen konteste desizyon an. Gen kat (4) mwayen ki disponib pou ou nan pwosesis kontestasyon an:

- Premye Evalyasyon an se yon evalyasyon enfòmèl yon konseye prensipal (oswa manadjè distri a si konseye prensipal la enplike nan desizyon y ap egzaminen an) ak yon konsomatè ak konseye oswa lòt manm pèsònèl NYSCB nan yon efò pou rezoud pwoblèm yon kliyan.

- Evalyasyon Administratif la se yon evalyasyon enfòmèl manm pèsonèl administratif NYSCB a fè selon rekòmandasyon ki nan politik NYSCB yo.
- Medyasyon se yon pwosesis volontè ant kliyan an ak manm pèsonèl NYSCB ki apwopriye a ak yon objektif pou rezoud yon dispit ak NYSCB. Medyasyon an se yon medyatè ki kalifye epi ki pa nan patipri ki te resevwa fòmasyon nan teknik medyasyon ki pral fè li. Menm si ou ka mande medyasyon nenpòt kilè, toude moun dwe dakò pou regle pwoblèm nan ak medyasyon.
- Odyans Administratif se yon odyans enfòmèl yo fè selon politik NYSCB ak youn oswa plis anplwaye Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) ki se manm Komite Odyans Jis Eta OCFS la.

Opsyon evalyasyon enfòmèl yo bay yon opòtinite pou rezoud dispit pi vit pase pwosesis odyans fòmèl la. Men, ou kapab chwazi sote Premye Evalyasyon an, Medyasyon ak/oswa Evalyasyon Administratif la epi ale dirèkteman nan Odyans Administratif la.

Si, apre yon Evalyasyon Administratif, ou pa kontan ak desizyon komite odyans jis la, ou kapab chèche yon solisyon jidisyè.

Pandan yon kontestasyon, ou gen dwa pou yon reprezantan otorize tankou yon avoka, reprezantan Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Pwogram, CAP), moun k ap defann dwa, fanmi, oswa lòt pòt pawòl reprezante ou. NYSCB pa responsab pou depans reprezantan ou.

Epi tou ou gen dwa pou egzaminen ak prezante enfòmasyon ki enpòtan nan dosye sèvis ou yo. Gen restriksyon pou pa

pataje sèten dosye enfòmasyon sèvis. Konseye ou kapab eksplike ou pwosedi pou jwenn enfòmasyon nan dosye sèvis ou yo ak nenpòt restriksyon ki kapab genyen.

Pwogram Asistans Kliyan an (Client Assistance Program, CAP), se espesyalman Disability Rights New York (DRNY) ki opere li, epi li defann aplikan yo ak benefisyè sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl yo, epi li bay enfòmasyon sou dwa, sèvis, ak avantaj ki disponib selon Lwa Reyabilitasyon 1973 (Rehabilitation Act of 1973), jan li amande a. W ap jwenn enfòmasyon kontak CAP yo nan Anèks B.

Manm pèsonèl DRNY CAP a pral diskite objektif, enterè, ak kapasite kliyan an. Apresa yo pral konseye kliyan yo sou dwa yo pou resevwa sèvis ki disponib atravè NYSCB yo. Men kèk ladan yo: Konsèy ak Gid, Devlopman nan Travay, Antrènman nan Travay, Evalyasyon Pwofesyonèl, Fòmasyon Pwofesyonèl, Sèvis Tranzisyon, Sipò Kolèj, Teknoloji ki Asiste, Asistans Transpò, Planifikasyon Travay ak Travay Endepandan Sipòte

DRNY kapab itilize nenpòt nan efò sa yo pou defann kliyan li yo: kontakte NYSCB pou negosye yon rezolisyon, reprezante yon kliyan ki sou evalyasyon administratif, medyasyon, odyans administratif, oswa nan tribinal; itilize tout lòt mwayen rezolisyon avan li konsidere yon solisyon administratif oswa jidisyè.

Kontakte Manadjè Biwo Distri NYSCB a swa pa telefòn oswa alekri pou mande yon kontestasyon.

Answit, ou kapab mande yon odyans administratif dirèkteman bay:

Beth Mancini
Office of Children and Family Services
Bureau of Special Hearings
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144
(518) 474-6022

Ou kapab mande yon kontestasyon swa alekri oswa nan telefòn, mwen nou pito yon demann alekri. Si ou bezwen asistans pou prepare yon demann alekri, ou kapab mande asistans sa a nan men biwo lokal NYSCB oswa CAP ou. Pou fasilite demann ou a, ou dwe mete enfòmasyon sa yo lè w ap mande yon kontestasyon.

1. Non ak adrès ou (adrès postal ou ladan);
2. Yon nimewo telefòn kote yo kapab kontakte ou;
3. Non, adrès, nimewo telefòn nenpòt moun k ap reprezante ou nan kontestasyon an (tankou yon reprezantan AP, avoka ou, oswa lòt moun k ap defann ou elatriye);
4. Non, biwo distri ak nimewo telefòn manm pèsonèl NYSCB ki enplike nan pwoblèm w ap dispite a;
5. Yon deskripsyon desizyon oswa aksyon w ap konteste a, epi bay tout detay posib;
6. Kopi nenpòt avi ekri ou resevwa nan men NYSCB ki gen pou wè ak kontestasyon ou a;
7. Mwayen ou ta pito nou kontakte ou (ekriti Bray, gran lèt, oswa kasèt).

KI DWA AK RESPONSABLITE OU GENYEN NAN PWOSESIS VR A?

Tout moun ki kalifye pou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl gen dwa ak responsablite nan pwosesis VR a. Ou gen yon obligasyon pou kontinye fè pwogrè ak bi ak objektif yo ki detaye nan IPE ou a.

DWA OU GENYEN

Ou gen dwa pou devlope IPE ou a ak ansanm ak konseye ou, ak pou mete yon reprezantan ou chwazi nan pwosesis sa a.

Ou menm ak/oswa reprezantan ou pral gen yon okazyon pou konsilte nenpòt aksyon ki chanje kalifikasyon ou pou sèvis.

Si dosye ou a fèmen paske yo deside ou pa kalifye, yo pral notifiye ou nan yon fòm aksesib, epi ou pral gen yon opòtinite pou patisipe nan evalyasyon desizyon sa a.

Si ou pa kontan ak nenpòt aksyon oswa desizyon konseye ou pran, nou ankouraje ou diskite sa ak konseye ou.

Ou menm oswa reprezantan ou gen dwa konteste desizyon NYSCB yo. Enfòmasyon sou kontestasyon yo so paj 12 a 16.

Ou gen dwa pou resevwa sèvis nan men CAP nan Eta New York. Gade nan Anèks B pou enfòmasyon konsènan CAP.

RESPONSABLITE OU YO

Se responsablite ou pou ou kowopere pou egzekite plan ou a. Pou fè sa w ap bezwen patisipe nan pwogram fòmasyon yo, ale nan randevou, satisfè nenpòt obligasyon ki asosye ak IPE ou a epi pran lòt avantaj ak sous finansman pou sèvis.

Se responsablite ou pou mete konseye ou okouran tout devlopman ki te kapab afekte pwogrè ou nan objektif ou yo. Pou presize, sa gen ladan chanjman nan adrès ak nimewo telefòn ou, aranjman w ap viv, pwoblèm medikal ak kondisyon finansyè. An plis li se responsablite ou pou w devlope ak egzaminen IPE ou ak konseye ou.

Ou responsab pou itilize ak pran swen nenpòt ekipman NYSCB ba ou kòm sadwa. Ekipman nou bay yo pral rete pwopriyete NYSCB pandan dosye ou a louvri. Ekipman an ap vin pou ou apre ou reyalize objektif pwofesyonèl ou epi dosye ou a fèmen. Depi ekipman an vin pou ou, se ou sèl ki responsab pou antretyen li.

ANÈKS A

Biwo Distri Komisyon Pou Moun ki Avèg yo

Buffalo District Office:

Ellicott Square Building
295 Main Street, Suite 545
Buffalo, NY 14203
(716) 847-3516
TTY (716) 847-3500
Jamestown: (716) 512-1121

Rochester Outstation

Monroe Square
259 Monroe Avenue, Room 303
Rochester, NY 14607
(585) 238-8110
TTY (585) 238-8104

Syracuse District Office:

The Atrium, Suite 105
100 South Salina Street
Syracuse, NY 13202
(315) 423-5417
TTY (315) 423-5426
Elmira: (607) 737-1007

Albany District Office:

40 North Pearl Street, 10th Floor
Albany, NY 12243
(518) 473-1675
TTY (518) 473-1698
Saranac Lake: (518) 359-7936

White Plains District Office:

445 Hamilton Avenue, Room 503
White Plains, NY 10601
(914) 993-5370
TTY (914) 993-5327
New Windsor: (845) 567-1054

New York District Office:

80 Maiden Lane 23rd Floor
New York, NY 10038
(212) 825-5710
TTY (212) 825-7367

163 West 125th Street, Room 209
New York, NY 10027
(212) 961-4440

Queens Outstation

168-25 Jamaica Avenue, Suite 210
Jamaica, NY 11432
(718) 557-8860

Hempstead District Office:

50 Clinton Street, Suite 208

Hempstead, NY 11550

(516) 564-4311

TTY (516) 564-4325

ANÈKS B

PWOGRAM ASISTANS KLIYAN

Se Pwoteksyon Dwa Endikape (Disability Rights New York, CRNY) k ap jere Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Program, CAP). k ap jere li. Nenpòt moun ki ta renmen resevwa sèvis CAP dwe kontakte DRNY nan:

Disability Rights New York

725 Broadway, Suite 450

Albany, NY 12207

Lokal (518) 432-7861

Nimewo TTY: (518) 512-3448

Apèl Gratis: (800) 993-8982

Faks: (518) 427-6561

Imèl: mail@DRNY.org

ANÈKS C

ENFÒMASYON SOU PWOGRAM ANTREPRIZ KOMÈSYAL (BUSINESS ENTERPRISE PROGRAM)

NYSCB jere Business Enterprise Program (BEP), ki ofri opòtinite jesyon nan biznis detayan yo.

Moun k ap patisipe nan jesyon biznis detayan, sèvis manje, ak biznis k ap vann BEP jere yo atravè Eta New York. NYSCB responsab pou sit la ak tout ekipman yo. An plis, pa gen okenn frè pou lokasyon oswa sèvis piblik pou manadjè BEP yo peye. Manadjè BEP yo oblije peye yon frè “akote”, yo itilize pou peye kèk depans pou pwogram nan.

Manadjè BEP yo resevwa fòmasyon nan tout aspè pou jere yon biznis tankou acha, kontwòl envantè, kontwòl finans, maketing, asenisman, jesyon anplwaye, ak relasyon ak kliyan. Yo administre kourikoulòm nan nan sal klas ak nan travay la. Apre fòmasyon an fini, moun yo ap resevwa yon lisans pou jere yon etablisman BEP. Apresa moun ki gen lisans yo kapab chèche opòtinite nan pwogram nan lè yo vin disponib. Apre plasman, yon Espesyalis Biznis NYSCB bay konsiltasyon biznis ak asistans teknik regilyèman pandan tout tan manadjè a se yon manm pwogram nan.

Lòt avantaj yo gen ladan: asirans-vi, avantaj ranbousman pou prim asirans sante, yon abònman nan avantaj pou retrèt, kredi pou aksyon demaraj san enterè, ak plis opòtinite pou jwenn fòmasyon.

An 2012, mwayèn revni yon manadjè te \$41,000 ak avantaj yo ladan. Kèk gwo etablisman kapab fè plis kòb toujou.

Si enfòmasyon nou bay la a enterese ou, tanpri di konseye NYSBC ou a ou ta renmen aprann plis sou pwogram nan. Yon manm pèsònèl BEP pral fè aranjman pou rankontre ak ou pou diskite pwogram nan ak plis detay. An plis, yo kapab pwograme yon vizit nan plizyè etablisman BEP ki genyen yo.

RESOUS

Resous sa yo kapab bay enfòmasyon ak sipò pou moun k ap resevwa sèvis nan NYSCB. Nou mete yo nan tiliv sa a pou bay enfòmasyon ak pou itilize kòm yon referans.

PWOGRAM BIYÈ POU TRAVAY

Pwogram Biyè Pou Travay la se yon inisyatif nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ki ofri benefisyè Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) ak Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) yo plis chwa pou jwenn sèvis yo bezwen pou ede yo al travay, ogmante otonomi yo, ak redwi depandans yo sou avantaj lajan kach Sekirite Sosyal. Si ou se yon benefisyè SSI oswa SSDI, ou te sipoze resevwa enfòmasyon konsènan pwogram Biyè a ak ajans Reyabilitasyon Pwofesyonèl Eta a ak Rezo Travay ki kapab ba ou yon “biyè” pou pèmèt ou jwenn travay. Lè ou dakò pou resevwa sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl nan men NYSCB, nou konsidere NYSCB “ap itilize” biyè ou a. Apre ou jwenn yon travay, ou kapab bay yon rezo travay biyè ou a pou resevwa sipò pou ede ou kenbe travay ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Biyè Pou Travay la:

- Kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal nan nimewo gratis li a: 1-800-772-1213, oswa
- Ale sou sitwèb Sekirite Sosyal la: www.ssa.gov/work.

Konsèy sou Avantaj yo

Lajan ou touche nan travay kapab afekte SSI, SSDI, oswa lòt avantaj. Konseye ou ta sipoze kapab ede ou kontakte yon konseye avantaj ki kalifye epi ki te resevwa fòmasyon ki kapab:

1. ede ou avèk planifikasyon avantaj ak rekonpans travay;
2. ba ou enfòmasyon konsènan ase pwoteksyon asirans sante travay yo ofri ak nan ki mezi lòt pwoteksyon asirans yo pral kowòdone ak Medicare ak Medicaid; epi,
3. konseye ou sou fason pou pwofite sou pwogram espesyal yo pou ogmante revni ou.

SANT POU VIV ENDEPANDAN YO

Sant pou Viv Endepandan (Independent Living Centers, ILC) ofri sèvis ki ankouraje moun ede tèt yo, jwen aksè egal-ego, modèl kamarad, devlopman pèsonèl, ak otonomi. Sèvis fondamantal yo ofri yo se konsèy kamarad, konpetans nou viv endepandan, sèvis enfòmasyon ak referans, ak defans endividyèl ak sistèm. NYSCB kapab refere moun nan sèvis ILC ofri ak sèvis ILC achte pafwa. Si ou resevwa sèvis nan yon ILC sa p ap afekte kalifikasyon ou pou resevwa sèvis NYSCB VR.

Sant Pou Viv Endepandan yo sèvi moun tout laj ak tout kapasite fizik ak mantal. Epi tou yo sèvi paran, mari, madanm, frè, sè, menm moun ki andikape yo. Sant pou Viv Endepandan yo baze nan kominote a. Gen sant toupatou nan Eta New York.

Sa a se yon lis Sant pou Viv Endepandan nan Eta New York:

Albany

Capital District Center for Independence (CDCI)
845 Central Avenue, South 3
Albany, NY 12206
(518) 459-6422 Vokal ak TTY
Sitwèb: <http://www.cdciweb.com>
Konte yo Sèvi: Albany

Amsterdam

Resource Center for Independent Living (RCIL)
347 West Main Street
Amsterdam, NY 12010
(518) 842-3561
(518) 842-3593 TTY
Sitwèb: <http://www.rcil.com>
Konte yo Sèvi: Montgomery

Auburn

Options for Independence (OFI)
75 Genesee Street
Auburn, NY 13021
(315) 255-3447 Vokal ak TTY
Sitwèb: <http://www.optionsforindependence.org>
Konte yo Sèvi: Cayuga

Ballston Spa

Southern Adirondack Independent Living Center (SAIL)

418 Geyser Road, Country Club Plaza

Ballston Spa, NY 12020

(518) 584-8202

(518) 584-4752 TTY

Sitwèb: <http://sail-center.org>

Konte yo Sèvi: Saratoga

Batavia

Independent Living of Genesee Region (ILGR)

113 Main Street, Suite 5

Batavia, NY 14020

(585) 815-8501

Sitwèb: www.wnyil.org

Konte yo Sèvi: Genesee

Bath

AIM - Outreach Office

117 East Steuben Street

Bath, NY 14810

(607) 776-3838 (Vokal/TTY)

Sitwèb: <http://www.aimcil.com>

Konte yo Sèvi: Steuben, Genesee

Belmont

AIM - Outreach Office
84 Schuyler Street
Belmont, NY 14813
1-888-962-8244 ext.410
Sitwèb: <http://www.aimcil.com>
Konte yo Sèvi: Allegany

Binghamton

Southern Tier Independence Center (STIC)
135 East Frederick Street
Binghamton, NY 13901
(607) 724-2111 Vokal ak TTY
Sitwèb: <http://www.stic-cil.org>
Konte yo Sèvi: Broome

Bronx

Bronx Independent Living Services, Inc. (BILS)
4419 Third Avenue, Suite 2-C
Bronx, NY 10457
(718) 515-2800
(718) 515-2803 TTY
Sitwèb: <http://www.bils.org>
Konte yo Sèvi: Bronx

Brooklyn

Brooklyn Center for Independence of the Disabled (BCID)

27 Smith Street, Suite 200

Brooklyn, NY 11201

(718) 998-3000

(718) 998-7406 TTY

Sitwèb: <http://www.bcid.org>

Konte yo Sèvi: Kings

Buffalo

Western New York Independent Living, Inc. (WNYIL)

3108 Main Street

Buffalo, NY 14214

(716) 836-0822 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.wnyil.org>

Konte yo Sèvi: Erie

Buffalo / OAHIO

OAHIO, Native American

c/o Western New York Independent Living, Inc.

3108 Main Street

Buffalo, NY 14214

Sitwèb: <http://www.wnyil.org/oahio>

Konte yo Sèvi: Erie, Cattaraugus

Carmel

Putnam Independent Living Services (PILS)

1961 Route 6, Second Floor

Carmel, New York 10512

(845) 228-7457

(845) 228-7459 TTY

Sitwèb: <http://www.putnamils.org>

Konte yo Sèvi: Putnam

Corning

AIM Independent Living Center (AIRC)

271 East First Street

Corning, NY 14830

(607) 962-8225 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.aimcil.com>

Konte yo Sèvi: Steuben

Cortland

Access to Independence of Cortland County (ATI)

26 North Main Street

Cortland, NY 13045

(607) 753-7363 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.aticortland.org>

Konte yo Sèvi: Cortland

Elmira

AIM Independent Living Center (AIRC)

1316 College Avenue

Elmira, NY 14901

(607) 733-3718 Vokal

(607) 733-7764 TDD

Sitwèb: <http://www.aimcil.com>

Konte yo Sèvi: Chemung

Geneva

Center for Disability Rights, Inc. (CDR)

34 Castle Street

Geneva, NY 14456

(315) 789-1800 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://cdrnys.org>

Konte yo Sèvi: Ontario

Glens Falls

Southern Adirondack Independent Living (SAIL)

71 Glenwood Avenue

Queensbury, NY 12804

(518) 792-3537

(518) 792-0505 TTY

Sitwèb: <http://www.sail-center.org>

Konte yo Sèvi: Warren

Harlem

Harlem Independent Living Center (HILC)

289 St. Nicholas Avenue, Suite 21

Lower Level

New York, NY 10027

(212) 222-7122

1-800-673-2371 Apèl Gratis

(212) 222-7198 TTY

Sitwèb: <http://www.hilc.org>

Konte yo Sèvi: New York

Herkimer

Resource Center for Independent Living (RCIL)

Herkimer Office

401 East German Street

Herkimer, NY 13350

(315) 866-7245

(315) 866-7246 TTY

Sitwèb: <http://www.rcil.com>

Konte yo Sèvi: Herkimer

Hornell

AIM - Outreach Office

370 Sawyer Street Building 3

Hornell, NY 14843

(607) 324-4271

Sitwèb: <http://www.aimcil.com>

Konte yo Sèvi: Steuben

Hudson

Independent Living Center of the Hudson Valley (ILCHV)

802 Columbia Street

Hudson, NY 12534

(518) 828-4886

(800) 421-1220 TTY

Sitwèb: <http://www.ilchv.org>

Konte yo Sèvi: Columbia

Ithaca

Finger Lakes Independence Center (FLIC)

215 Fifth Street

Ithaca, NY 14850

(607) 272-2433 Vokal ak TTY

(607) 272-0902

Sitwèb: <http://www.fliconline.org>

Konte yo Sèvi: Tompkins

Jamestown

Southwestern Independent Living Center, Inc. (SILC)

843 N. Main Street

Jamestown, NY 14701

(716) 661-3010

(716) 661-3012 TTY

Sitwèb: <http://www.ilc-jamestown-ny.org>

Konte yo Sèvi: Chautauqua

Kingston

Resource Center for Accessible Living (RCAL)

727 Ulster Avenue

Kingston, NY 12401

(845) 331-0541

(845) 331-4527 TTY

Sitwèb: <http://www.rcal.org>

Konte yo Sèvi: Ulster

Long Island

Long Island Center for Independent Living, Inc. (LICIL)

3601 Hempstead Turnpike, Suite 208

Levittown, NY 11756

(516) 796-0144

(516) 796-6176 En Espanol

(516) 796-0135 TTY

Sitwèb: <http://www.licil.net>

Konte yo Sèvi: Nassau

Lowville

Northern Regional Center for Independent Living (NRCIL)

7396 Turin Road

Lowville, NY 13367

(315) 376-8696

(315) 376-3404

Sitwèb: <http://www.nrcil.net>

Konte yo Sèvi: Lewis

Manhattan

Center for Independence of the Disabled in New York
(CIDNY)

841 Broadway, Suite 301

New York, NY 10003

(212) 674-2300 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.cidny.org>

Konte yo Sèvi: New York

Massena

Massena Independent Living Center (MILC)

156 Center Street

Massena, NY 13662

(315) 764-9442 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.milcinc.org>

Konte yo Sèvi: St. Lawrence

Middletown

Action Toward Independence (ATI)

Orange County at 126 Seward Avenue

Middletown, NY 10940

(845) 343-4284

Sitwèb: <http://www.atitoday.org/>

Konte yo Sèvi: Orange

Monticello

Action Toward Independence (ATI)

309 E. Broadway, Suite A

Monticello, NY 12701

(845) 794-4228 Vokal/TTY

Sitwèb: <http://www.atitoday.org/>

Konte yo Sèvi: Sullivan

Independent Living, Inc. (ILI)

10 Prince Street, Suite 12

Monticello, NY 12701

(845) 794-3322

Sitwèb: <http://www.myindependentliving.org>

Konte yo Sèvi: Sullivan

Newburgh

Independent Living, Inc. (ILI.)

5 Washington Terrace

Newburgh, NY 12550

(845) 565-1162

(845) 565-0337 TTY

Sitwèb: <http://www.myindependentliving.org>

Konte yo Sèvi: Orange

Niagara Falls

Independent Living of Niagara County (ILNC)

746 Portage Road

Niagara Falls, NY 14301

(716) 284-4131

(888) 567-6454 Apèl Gratis

Sitwèb: <http://www.wnyil.org/ilnc/>

Konte yo Sèvi: Niagara

Olean

Directions in Independent Living (DIL)

512 West State Street

Olean, NY 14760

(716) 373-4602 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.oleanilc.org>

Konte yo Sèvi: Cattaraugus

Oneida

ARISE Madison County

131 Main Street

Oneida, New York 13421

Phone: (315) 363-2400

Sitwèb: <http://www.ariseinc.org>

Konte yo Sèvi: Madison

Oneonta

Catskill Center for Independence (CCFI)

PO Box 1247 State Highway 23

Oneonta, NY 13820

(607) 432-8000 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.ccfi.us>

Konte yo Sèvi: Delaware

Oswego

ARISE Oswego

Project Director

9 Fourth Avenue

Oswego, NY 13126

(315) 342-4088

(315) 342-8696 TTY

Sitwèb: <http://www.ariseinc.org>

Konte yo Sèvi: Oswego

Plattsburgh

North Country Center for Independence (NCCI)

80 Sharon Avenue

Plattsburgh, NY 12901

(518) 563-9058 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.ncci-online.com>

Konte yo Sèvi: Clinton

Poughkeepsie

Taconic Resources for Independence (TRI)

82 Washington Street, Suite 214

Poughkeepsie, NY 12601

(845) 452-3913

(866) 345-8416 (Telefòn Videyo)

Sitwèb: <http://www.taconicresources.org>

Konte yo Sèvi: Dutchess

Pulaski

ARISE Pulaski

2 Broad Street

Pulaski, New York 13412

Telefòn: (315) 298-5726

Sitwèb: <http://www.ariseinc.org>

Konte yo Sèvi: Oswego

Queens

CIDNY Queens

80-02 Kew Gardens Road, #107

Kew Gardens, NY 11415

(646) 442-1520

(866) 948-1064 Telefòn Videyo

Sitwèb: <http://www.cidny.org>

Konte yo Sèvi: Queens

Rochester / CDR

Center For Disability Rights, Inc. (CDR)

497 State Street

Rochester, NY 14608

(585) 546-7510 Vokal & TDD

Sitwèb: <http://www.cdrnys.org>

Konte yo Sèvi: Monroe

Rochester / RCIL

Regional Center for Independent Living (RCIL)

497 State Street

Rochester, NY 14608

(585) 442-6470 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.rcil.org>

Konte yo Sèvi: Monroe

Rockland

Rockland Independent Living Center (RILC)

873 Route 45, Suite 108

New City, NY 10956

(845) 624-1366

(845) 624-0847 TTY

Sitwèb: <http://www.rilc.org>

Konte yo Sèvi: Rockland

Saranac Lake

Tri Lakes Center for Independent Living (TLCIL)

Direktè egzekitif Egzekitif

43 Broadway, Suite 1

Saranac Lake, NY 12983

(518) 891-5295 Vokal

(518) 891-5293 Fax & TTY

Sitwèb: <http://www.tlcil.org>

Konte yo Sèvi: Franklin

Schenectady

Capital District Center for Independence (CDCI)

Schenectady Office

Office of Disability Services

105 Jay Street, Room 2, City Hall

Schenectady, NY 12302-1503

(518) 459-6422

Sitwèb: <http://www.cdciweb.com>

Konte yo Sèvi: Schenectady

Staten Island

Staten Island Center for Independent Living (SICIL)

470 Castleton Avenue

Staten Island, NY 10301

(718) 720-9016

(718) 720-9870 TTY

Sitwèb: <http://www.siciliving.org>

Konte yo Sèvi: Richmond

Suffolk

Suffolk Independent Living

2111 Lakeland Avenue

Ronkonkoma, NY 11779

(631) 880-7929

(631) 654-8076 TTY

Sitwèb: <http://www.siloinc.org>

Konte yo Sèvi: Suffolk

Syracuse

ARISE

635 James Street

Syracuse, NY 13203

(315) 472-3171

(315) 479-6363 TTY

Sitwèb: <http://www.ariseinc.org>

Konte yo Sèvi: Onondaga

Troy

Independent Living Center of the Hudson Valley (ILCHV)

15-17 3rd Street

Troy, NY 12180

(518) 274-0701 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.ilchv.org>

Konte yo Sèvi: Rensselaer

Utica

Resource Center for Independent Living (RCIL)

P.O. Box 210, 409 Columbia Street

Utica, NY 13503

(315) 797-4642

(315) 797-5837 TTY

Sitwèb: <http://www.rcil.com>

Konte yo Sèvi: Oneida

Watertown

Northern Regional Center for Independent Living (NRCIL)

210 Court Street, Suite 107

Watertown, NY 13601

(315) 785-8703

(315) 785-8704 TTY

Sitwèb: <http://www.nrcil.net>

Konte yo Sèvi: Jefferson

White Plains

Westchester Independent Living Center (WILC)

200 Hamilton Avenue, 2nd Floor

White Plains, NY 10601

(914) 682-3926

(914) 682-0926 TTY

Sitwèb: <http://www.wilc.org>

Konte yo Sèvi: Westchester

White Plains / MOP

WILC Minority Outreach Project (MOP)

c/o Westchester ILC

200 Hamilton Avenue, 2nd Floor

White Plains, NY 10601

(914) 682-3926

(914) 682-0926 TTY

Sitwèb:

http://www.wilc.org/about_wilc/programs/minority.htm

Konte yo Sèvi: Westchester

Yonkers

Westchester Disabled on the Move, Inc. (WDOM)

984 N. Broadway, Suite L - 01

Yonkers, NY 10701

(914) 968-4717 Vokal ak TTY

Sitwèb: <http://www.wdom.org>

Konte yo Sèvi: Westchester

New York State Office of Children and Family Services
Commission for the Blind
Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144

Ale sou sitwèb OCFS la nan:

ocfs.ny.gov

Ale sou sitwèb NYSCB a nan:

visionloss.ny.gov

Pou jwenn enfòmasyon sou gadri, swen nan fanmi plasman,
ak adopsyon, rele:

1-800-345-KIDS (5437)

Pou deklare yon ka abi ak neglijan, rele:

1-800-342-3720

Pou jwenn enfòmasyon konsènan lwa ki rele Lwa pou
Pwoteksyon Tibebe Abandone ki Fenk Fèt (Abandoned
Infant Protection Act), rele:

1-866-505-SAFE (7233)

Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis pou moun ki avèg, rele:

1-866-871-3000

1-866-871-6000 (TTY)

PUB. 5148 (Rev. 01/2016)